

**Wacanen Materi Basa Jawa "Mbedakake teks Deskripsi lan teks liyane" ing buku Tantri Basa halaman 80-81. Banjur
kerjako tugas ing ngisor iki kanti milih jenis e teks kang bener!**

1. Pesisir Parangtritis nyata endah. Sesawangane kang elok njalari para wisatawan grudug grudug kepingin nyekseni. Emane, saperangan msyarakat Indonesia ana kang nganggep gawat. Awit anane mangsa kala Nyai Rara Kidul kang dianggep ngembani pesisir kono nyuwun ditumbali. Para ahli wis nerangake yen anane korban kang ilang ing pantai amarga keseret ombak gedhe.
2. Bapak, Ibu lan para sederek ingkang kula kurmati, Sampun pitung ndasa setunggal tahun Indonesia mardika. Ewa dene taksih kathah ingkang dereng ngraosaken kamardikan. Ngantos sapunika taksih wonten ingkang dijajah. Dijajah HP, TV, narkoba lan sanes sanesipun. Magga kita indhakaken raos tresna kita dhateng bangsa, supodos kita dados bangsa ingkang luhur.
3. Omahku pancen ndesa, nanging kahanane nyenengake banget. Hawane seger karana akeh tanduran sakiwa tengene. Ing latar kang ora pati jembar bisa ditanduri who-wohan, rambutan, pelem, lan jeruk. Ing mburi omah uga ana wit salak rong dhapur. Ing emper ngarep omah ana tanduran kembang mlati. Saben sore aku lan adhiku siram-siram kembang. Gandane semribit wangi.
4. Desa ndadapan iku desa sing kepenchil, ana sapinggiring gunung dikupengi alas. Ing kono ana randha urip kijenan ora duwe anak aran Mbok randha Ndadhapan. Nuju sawijining dina Mbok Randha katemon bocah nom noman sing rupane ala banget, sirah e plonthos wetenge mblenduk tur endhek. Deweke matur menawa arep ngenger. Mbok Randha mesake bocah sing ora duwe sanak kadang iku, mula banjur ditampa apa sing dikarepake bocah mau, malah diaku kaya anak e dewe. Amarga potongane kaya kendhil mula banjur diceluk "Jaka Kendhil".
5. Wayah esuk ing Kawasan Gunung Bromo endah banget. Ing sisih wetan katon sumamburat abang. Mbaka sethithik srengenge mencorong padang. Sadawane sesawangan savanna, suket ijo kaya dene gelaran. Embun-embun kang netesi gegodongansaya suwe ilang nguwap amarga saya suwe srengenge sansaya panas.
6. Kali ing desaku banyune isih alami tur resik. Ambane watara telung meteran. Bocah-bocah cilik sing langen ora perlu samar. Ora ana uwuh kang kumambang. Gampeng saurute kali ditanduri suket ijo. Sisih kiwane kali sawah kang jembar. Tandurane pari lan jagung. Sisih tengene kali dalan kang nyambung desaku lan tangga desa liyane. Meh saben puluhan meter ana wot kanggo nyebrang wong-wong kang perlu makarya menyang sawah. sinawang pancen katon endah.
7. Isih jam setengah wolu isuking alun-alun wis kebak uwong, dina iki ana Festival Dolanan tradisional. Sa-kabupaten. Pesertane para siswa SD saka 9 kecamatan. Salahijine Bima. Bima wes siaga kanthi egrangge. Bima enggal munggah egrang lan jumangkah miwiti lomba. Sanajan wis Latihan ana wae alangane. Ana peserta sing tiba nalika miwiti munggah ing tlapakan amarga ndredeg. Aturane ing babak penyisihan ora kena tiba luwih saka kaping telu. Jarak sing kudu diliwati 5 meter bola bali. Bima semangat oleh e melu lomba.
8. Ing tlatah erenge gunung sisih kidul ana sawijining desa jenenge desa Pujon kabupaten Malang. Desa kasebut lemahe subur, hawane adem tur resik. Panguripane wong ing kono maneka warna. Ana sing ngingu sapi, wedhus, tani sayur, tani brambang, tani jeruk lan liya-liyane. Ngingu sapi perah ing desa iki dadi kasenengane pendhudhuk. Meh saben omah nyasate ana ingon ingon sapi perah. Jare sing ngingu sapi, jenis sapi perah ngunu nduweni kasil sing lumayan. Ngrumati sapi perah ngunu ora angel lan ora njlimet, cukup dipakani suket gajah. Supaya sapi perah dadi akeh mula perlu ditangkarake.